LER 3478

Learning Resources®

ane 4–6

Pare Pou Matènèl

Kit Preparasyon



Gid Paran an



⚠ WARNING:
CHOKING HAZARD - Small parts.
Not for children under 3 years.

LER 3478
380 N. Fairway Drive
Vernon Hills, IL 60061
800-222-3909

Illustrations by: Steve Simpson

© Learning Resources, Inc., Vernon Hills, IL (U.S.A.)

This kit is protected by copyright. No part of this kit may be reproduced, stored in a retrieval system or transmitted in any form or by any means electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise, without prior permission.

Printed in China.

Learning Resources®

Kontni

Entwodiksyon: Byenveni nan klas Matènèl! 4

Kit Ou a: Sa W Ap Jwenn Ladan l 5

Nou Pare, Nou Prè, An n Pati! Kad Aktivite 7

Konpetans Motrisite Fen 8

Lang

- Idantifikasyon Lèt 10
- Son ki Kòmanse Mo (Fonetik) 12
- Rim 14
- Ekriti 16
- Swiv Enstriksyon Vèbal 18

Matematik

- Fòm 20
- Plis/Mwens ak Mezi Inisyal 22
- Adisyon (Nonb 0–10) 24
- Soustraksyon (Nonb 0–10) 26
- Nonb Siperyè ak Konte pa De (2) 28

Anèks

- Ekri Lèt 30





Byenveni nan klas Matènèl!



Èske w kapab kwè yon bagay konsa? Pitit ou a se, oswa byen li pral, yon elèv. Èske w kapab imajine yon bagay konsa? Pitit *ou* a, chita nan yon salklas, l ap resite ABC ak 123, l ap rezoud pwoblèm adisyon ak soustraksyon, l ap aprann pwononse ak eple nouvo mo...se yon etap enpòtan pou nou toude. Kit ou santi w estrese, kontan, prepare pou leve defi sa, oswa w santi w boulvèse, nou la pou n ede ou. Sipò ak akvite amizan ki baze sou tèm zannimo yo founi w tout zouti ki nesesè yo pou w kapab anseye pitit ou a egzakteman konpetans li bezwen yo pou li kapab pwospere nan matènèl.

Yon lòt bagay ou dwe konnen de matènèl se ke li amizan! Timoun tèlman aprann lè y ap jwe, jwèt, ak chante ki fè yo plezi, ki enspire yo, epi ki akonpanye pandan plizyè ane. Se nan lide sa a, nou founi ou menm ak pitit ou a jwèt edikatif ak jwèt nan yon anviwònman solidè ki pozitif epi ki san danje—ki se pa w. Kit Preparasyon pou Matènèl la prepare pitit ou a pou yon vi aprantisaj. Ou Pare? Ou Anplas? An n Pati! Li lè pou n pase a pwochen etap la!



Sa W Ap Jwenn Ladan l

Kit ou a gen ladan l twa eleman prensipal ki konplemante epi ranfòse youn lòt:

1. Gid Paran an gen yon pakèt aktivite pratik ansanm ak jwèt senp ke ou menm ansanm ak pitit ou a kapab fè ansanm. Ladan l tou, w ap jwenn lòt idè rapid e fasil pou lòt opòtinite aprantisaj siplemantè.





2. Kaye Aktivite Ekri ak Efase a fèt pou timoun nan itilize pou kont li, oswa pou amelyore konpetans li an paralèl avèl gid paran an. Chèche referans nan gid paran an pou paj nan kaye aktivite a k ap pèmèt ou apwofondi aprantisaj la.

Remak: **Avan w ekri nan paj yo avèk yon fet ki kapab efase lè li sèch oswa yon fet ou kapab lave, teste fet la nan kwen yon paj pou asire w ke mak yo kapab efase.**



3. Yo te seleksyone **Zouti Pratik**, anba yo, defason espesyal pou sipòte konpetans timoun devlope nan nivo matènèl, tankou idantifikasyon fòm, ekriti, ansanm ak adisyon ak soustrasyon nan limit nonb 10.



Zouti Motrisite Fen Gator Grabber



Kontè Gardern Gritter



Lèt an Dantèl Majiskil ak Miniskil ak Dantèl



Kat Rime Busy Bee



Tablo Fet



Fòm ak Kat Aktivite



Kib Nimerik

Nou Pare, Nou Prè, An n Pati! Kad Aktivite

Kapasite aprantisaj yon timoun pwogrese soti kòmansman yon ane jouk rive fen ane a. Sa vle di ke sa pitit ou a kapab fè nan kòmansman matènèl vrèman diferan de sa li kapab aprann ak akonpli avan li fini matènèl.

Gid sa pwopoze divès aktivite ki apiye sou konesans nan yon kad pwogresiv*Nou Pare, Nou Prè, An n Pati* (*Ready, Set, Go*) . Eseye avèk yon aktivite *Nou Pare* (*Ready*) pou evalye kapasite pitit ou a. Apresa, chwazi ansanm aktivite ki pi byen reponn ak bezwen ak kapasite pitit ou a. Pa ezite pèsonalize pakou aprantisaj pitit ou a, pandan w ap pèsonalize lòd leson an pou adapte ak nivo konpetans li. Si w santi pitit ou a vin kòmanse ap vin fristre, chwazi yon lòt aktivite konpetans oswa eseye ankò yon lòt jou.

Aktivite yo estriktire nan lòd ki endike annapre a:

Nou Pare

Aktivite NOU PARE (READY) yo—Aktivite sa yo founi yon entwodiksyon amikal pou zouti salklas yo, avèk yon touch aprantisaj ladan l. Konsidere aktivite sa yo tankou pitit ou a t ap di, “Mwen PARE pou m aprann!” Si yon aktivite *Nou Pare (Ready)* parèt twò fasil, pase a yon aktivite*Nou Prè (Set)* . Si yon aktivite *Nou Pare (Ready)* parèt twò difisil, annik kite pitit ou a jwe avèk zouti yo jis pou l anmize li, epi eseye aktivite a ankò nan kèk semèn.

Nou Prè

Aktive NOU PRÈ (SET) yo— Konsidere aktivite sa yo kòm pwochen etap nan devlople ansanm konpetans lan: “Mwen kapab devlope ANSANM konpetans sa a!” Eseye aktivite sa yo apre pitit ou a demontre li metrize aktivite *Nou Pare (Ready)* a pou konpetans sa a.

An n Pati

Aktivite AN N PATI (GO) yo— Konsidere aktivite sa yo swa antanke aktivite ki yon tijan plis difisil pase nivo avan yo, oswa antanke yon aktivite ke pitit ou a ka petèt pratike pou kont li. Imajine pitit ou a ki tou fyè de tèt li k ap reflechi, “Mwen kapab PATI pou pwochen etap la!” Sonje ke tank yon timoun fè plis ak eksperyans avèk yon konpetans se tank gen plis chans pou li enteryorize konpetans sa sa.

Konpetans Motrisite Fen

Rive kapab ekri lèt ak nonb kòrèkteman kapab parèt difisil pou timoun yo. Rete asire ke se yon bagay ki komen pou timoun yo ekri lkt ak nonb alanvè, menm nan kòmansman klas 1ye ane a. Lè w pèmèt li pratike epi w montre li kòman pou l fòme lèt yo kòrèkteman, sa ede pitit ou a devlope divès konpetans ekriti alamen ki enpòtan pandan peryòd anfans li.

Lè w itilize Gator Grabber nan aktivite sa yo, sa ede pitit ou a devlope konpetans motrisite fen pou li ekri, ekri lèt ak nonb an karaktè detache, kenbe yon kreyon, dekoupe yon liy, ak feyete paj nan yon liv. Gade paj Anèks yo. 30–31 nan liv sa pou aprann pitit ou a kòman pou l ekri lèt.

Eseye avèk yon aktivite Nou Pare epi pase a yon Aktivite Nou Prè ak yon aktivite An n pati lè pitit ou a santi li gen konfyans nan tèt li (lòt paj la).

Paj Koneksyon Kaye
Aktivite. 4–5

Ide rapid e fasil pou devlope konpetans motrisite fen:

- Itilize Grabbers pou ranmanse objè nan kay ou, tankou ti jwèt an plastik, machmalo, bonbon chokola, ak plis toujou.
- Fouye chalimo fen yo, oswa ti baton pou bwase kafe yo, nan twou yon paswa (li rekòmande pou gen sipèvizyon adilt).
- Konplete pòzòl ki apwopriye ak laj (pou asanble pyès yo ansanm).
- Dekoupe liy yon fèy kaye.
- Pran abitid desine sèk, kare, triyang, rektang, ansanm ak egzagòn.
- Mete monnen pyès nan yon bwat sekrè.
- Jwe avèk patamodle pou pwodui fòm, lèt, oswa nonb.
- Asosye lèt yo an pè majiskil ak miniskil.

Nou Pare

Nou Prè

An n Pati

Zouti	An n Kòmanse
	**Red Rover, Red Rover** • Jwe yon jwèt Red Rover. • Jete yon ponyen ti jwèt zannimo miltikolò sou yon sifas plat (kapèt mache byen). • Apresa, bay pitit ou a endikasyon vèbal pou li kapab ranmase epi deplase ti jwèt zannimo miltikolò yo avèk Gator Grabber: “Red Rover, Red Rover, kite yon ensèk wouj vini.” • Kontinye ba li enstriksyon pou jiskaske li fin deplase tout ti jwèt zannimo miltikolò yo.
	**Liy pou Manje Midi!** • Woule kib nimerik la pou endike konbyen zannimo ki dwe pran ran pou manje midi. • Apresa, mande pitit ou a pou li iilize Pens An Fòm Kayiman yo pou li kapab mete kantite ensèk sa nan yon ran dwat pou manje midi a. • Woule kib la de (2) fwa anplis. • Uh-oh! Si lè w woule ou tonbe sou yon *wild*, mande pitit ou a pou l gaye ensèk yo. Apresa a, itilize Grabbers pou retounen mete yo nan yon ranje ki byen aliyen.
	**Batay Ensèk (Buggy Battle)** • Louvri Kaye Aktivite a nan paj 4. • Akòde pitit ou a 10 segonn pou li deplase yon gwoup zannimo, alèd de Grabbers, nan direksyon yon fèy nan paj Kaye Aktivite a. • Akòde pitit ou a 10 segonn ankò pou li deplase zannimo yo nan direksyon chak grenn nan lòt fèy yo. • Gade fèy yo epi pale de kilès nan fèy yo ki gen plis zannimo sou li. • Deklare fèy sa genyen!

Idantifikasyon Lèt (majiskil ak miniskil)

Devlopman lengwistik la ede timoun yo konekte sans ak mo pale epi li ede yo devlope vokabilè pou ede yo nan domèn lekti, ekriti, ak kominikasyon. Nou souvan konsidere devlopman lengwistik la kòm mo pale. Men devlopman lengwistik la plis pase sa a: konpetans ekout, devlopman vokabilè, lekti, ak ekriti.

Rekonesans lèt se yon konpetans fondamantal pou timoun yo pandan y ap aprann ekri, li, ak eple. Pifò salklas matènèl egzije timoun yo ekri premye lèt non yo an lèt majiskil, ansanm ak rès lèt yo an lèt miniskil. Timoun yo aprann rekonesans lèt tou kòm yon etap ki mennen konpetans pre-lekti. Pou yo kapab li fonetikman, timoun yo dwe kapab rekonèt dabò yon lèt epi pou yo vin konnen son ke lèt sa pwodui a (yo).

Eseye avèk yon aktivite Nou Pare epi pase a yon Aktivite Nou Prè ak yon aktivite An n pati lè pitit ou a santi li gen konfyans nan tèt li (lòt paj la).

Nou Pare

Nou Prè

An n Pati



Paj Koneksyon Kaye
Aktivite. 5–6

Ide rapid e fasil pou devlope konpetans idantifikasyon lèt:

- Separe lèt yo an sekans an gwoup 4 (*tuvw*, pa egzanp).
- Aranje tout lèt yo (majiskil) Mande pitit ou a pou l twouve lèt ki koresponn ak lèt ki kòmanse non l lan. Kontinye avèk lèt ki gen siyifikasyon yo tankou *M* pou Mom (Manman), *D* pou Dad (Papa), oswa premye lèt non yon frè/sè oswa yon zannimo domestik.

Zouti

An n Kòmanse



Jwèt Korespondans

- Louvri Kaye Aktivite a nan paj 5.
- Chwazi twa lèt majiskil ak twa lèt miniskil ki koresponn.
- Mande pitit ou a pou l plase lèt majiskil yo anwo lèt majiskil ki koresponn yo nan paj Kaye Aktivite a.
- Bay timoun ou an defi pou li plase lèt miniskil yo bò kote lèt majiskil ki koresponn ak yo a.
- Repete non lèt miniskil yo pandan pitit ou a ap plase yo sou paj la.
- Chak fwa nou jwe, swa revize lèt pitit ou a te gen difikilte pou l idantifye yo, oswa ajoute twa nouvo lèt.



Danse avèk Lèt yo

- Chwazi senk lèt majiskil ak twa senk miniskil ki koresponn.
- Fè kòmsi lèt majiskil ak lèt miniskil yo dwe asosye avèk patnè yo (nan kad yon dans oswa yon evènman espòtif). Mande pitit ou a pou li makonnen “patnè yo” ansanm.
- Chak fwa nou jwe, makonnen 4–5 nouvo patnè lèt majiskil ak lèt miniskil.



Liy pou Makonnen Lèt

- Chwazi kat lèt miniskil ki vini youn apre lòt epi simaye yo sou tab kizin nan.
- Chwazi swa yon chante (tankou “The Alphabet Song”) oswa jwe mizik pandan pitit ou a ap sikile bò tab la.
- Lè w kanpe mizik la, pitit ou a ap pran lèt yo, l ap plase yo nan lòd ABC (*pa egzanp, abcd, lmno, tuvw*), epi l ap makonnen yo ansanm.
- Fè menm bagay la avèk lòt lèt.

Konsèy pou Pwofesè:

Kòm sipò, pitit ou a kapab chante alfabè a, oswa itilize paj 5 nan Kaye Aktivite a, kòm endikasyon oditif oswa vizyèl pou ede li konplete sekans lèt la.

Son ki Kòmanse Mo (fonetik)

Timoun ki nan matènèl yo kòmanse li pandan y ap aprann son lèt ki kòmanse ak fini mo yo, ansanm ak son vwayèl debaz yo. Aksantye sou son ki nan kòmansman mo yo pou ede pitit ou a rekonèt ak asosye son lèt yo pwodui yo. Lè timoun yo kapab distenge dènye lèt mo yo, sa ede yo tou dekòde mo yo alavni.

Eseye avèk yon aktivite Nou Pare epi pase a yon Aktivite Nou Prè ak yon aktivite An n pati lè pitit ou a santi li gen konfyans nan tèt li (lòt paj la).

ant

apple



Koneksyon Kaye Aktivite: paj. 7–8

Ide rapid e fasil pou devlope konpetans fonetik:

- Mande pitit ou a pou l nonmen son ki kòmanse objè ki fè pati lavi kotidyen yo (rad, manje, jwèt).
- Site non zanmi, vwazen, oswa fanmi epi mande pitit ou a ki lèt ki kòmanse chak non. (Sijesyon—itilize non ki gen yon lèt inisyal ke w kapab idantifye fasilman tankou Sam, olye de Sherri.)

Nou Pare

Nou Prè

An n Pati

Zouti



An n Kòmanse

Jounen Foto

- Chwazi de (2) kat ilistre ansanm ak de (2) lèt miniskil ki koresponn ak son ki kòmanse yo.
- Repati materyèl yo an de (2) gwoup: kat ilistre yo ansanm ak lèt yo.
- Mande pitit ou a chwazi yon kat, nonmen foto a ki nan rekto a pandan l ap repete son ki kòmanse mo a (pa egzanp, h-h-hat), epi pou li twouve lèt miniskil ki kòmanse imaj la.

Konsèy Pedagojik: Limite chwa lèt yo bay meyè rezilta e mwens fristrasyon.



Imaj Pafè

- Seleksyone dis kat ilistre owaza.
- Montre pitit ou a yon kat epi mande li pou li idantifye son ki kòmanse mo a.
- Si pitit ou a jwenn son ki kòmanse mo ki kòrèk la, l ap kenbe kat la.
- Kontinye jwe avèk kat ki rete yo pou jiskaske pitit ou a fin kolekte toule dis kat yo.
- Repete menm pwosesis la yon lòt jou alèd de dis lòt kat diferan.



De (2) Lòt Anplis

- Plase dis kat ilistre nan yon pil, fas anba.
- Mande pitit ou a pou l pran kat ki anwo a epi pou l nonmen imaj la ansanm ak son ki kòmanse mo a.
- Apresa, mande pitit ou a pou li nonmen de (2) lòt mo anplis ki gen menm son ki kòmanse yo.
- Lè pitit ou a fin metrize dis kat sa yo, jwe ankò avèk kat ilistre ki rete yo.

Rim

Lè timoun yo kapab idantifye mo ki rime yo, yo kapab pi byen dekòde nouvo mo yo an fonksyon de menm son finisman ak yon mo familye. Lè timoun yo wè lyen ki genyen ant kòmansman ak finisman mo yo, sa ede yo nan pwosesis lekti a.

Eseye avèk yon aktivite Nou Pare epi pase a yon Aktivite Nou Prè ak yon aktivite An n pati lè pitit ou a santi li gen konfyans nan tèt li (lòt paj la).

mug



tug

bug

Koneksyon Kaye Aktivite: paj. 9–10

Ide rapid e fasil pou devlope konpetans rim:

- Jwe jwèt rim—repete yon mo epi mande pitit ou a repete kantite mo rime ki posib.
- Site non pwodui alimantè yo pandan w ap achte yo epi mande pitit ou a repete yon mo ki rime (pa egzanp, grape-tape).

Nou Pare

Nou Prè

An n Pati

Zouti



An n Kòmanse

Idantifye Kat Ki Pa Koresponn nan

- Seleksyone twa kat ki rime: de (2) ki rime, ansanm ak youn ki pa rime.
- Repete epi aksantye sou chak mo ilistre.
- Mande pitit ou a pou li di w ki de (2) ki rime.
- Refè menm bagay la avèk twa nouvo kat.



Mete Tout Abò!

- Mande pitit ou a pou li aliyen twa nounous. Eksplike li ke y ap tann pou yo monte tren.
- Plase yon kat rime devan chak zannimo.
- Pou li kapab fè zannimo a “monte” tren an, pitit ou a dwe swa repete yon lòt mo ki rime avèk imaj la, oswa twouve kat ki koresponn nan.
- Kontinye pou jiskaske toule twa zannimo yo fin kite estasyon an!



Sonje Rim Mwen an

- Itilize kat ki rime yo pou yon jwèt memwa.
- Plase kat yo fas anba. Vire kat yo, youn pa youn, epi eseye jwenn imaj ki koresponn yo.
- Apre w fin etabli yon korespondans, ede pitit ou a ekri mo yo fonektiman sou yon tablo fet.
- Aksantye sou son ki kòmanse mo yo pandan w ap ede pitit ou a eple rès mo a.

Ekriti

Timoun ki nan matènèl yo ekri—anpil! Yo ekri non sou papye, ekri lèt an karaktè detache, eseye pwodui son epi eple mo, epi yo kòmanse ekri divès istwa senp. Menm si yo pa kapab eple tout mo yo, yo ekri, ekri, epi ekri yon tijan anplis pou yo kapab kòmanse eksprime ide ak panse yo. Souvan, timoun yo dwe gen yon objektif nan ekri. Pandan w ap pwopoze yon aktivite ekriti ouvè, timoun yo evite gen enpresyon ke gen yon bon oswa move repons pou endikasyon an, sa ki pèmèt yo ekri defason pi lib.

Eseye avèk yon aktivite Nou Pare epi pase a yon Aktivite Nou Prè ak yon aktivite An n pati lè pitit ou a santi li gen konfyans nan tèt li (lòt paj la).



Paj Koneksyon Kaye Aktivite a 11

Ide rapid e fasil pou devlope konpetans ekriti:

- Desine yon imaj yon bagay ki te pase nan kòmansnman, mitan, ak nan fen yon istwa.
- Poze kesyon ouvè pou pitit ou a kapab reponn alèd de plis pase youn a de (2) repons.
- Li liv prefere pitit ou a awotvwa. Mande pitit ou a pou l chwazi yon fraz li prefere nan liv la pou li ekri li sou tablo fet la epi pou li ilistre li.

Nou Pare

Nou Prè

An n Pati

Zouti	An n Kòmanse
	**Rechofman Kreyatif** • Bay pitit ou a yon demarè fraz senp ki ouvè pou li ekri sou tablo a, tankou, “Mwen renme____.” • Ankouraje pitit ou a pou l konplete fraz la pandan l ap pwononse mo a epi l ap desinen yon imaj pou reprezante mo a.
	**Resi, Ak 1** • Ale nan paj 11 lan nan Kaye Aktivite. • Chwazi yon demarè istwa. • Ranpli espas vid ki koresponn ak fraz sa a. • Apresa, poze kesyon pou ede pitit ou a rakonte yon istwa, tankou, “What did you do on that vacation?” (Kisa w te fè pandan peryòd vakans sa a?) oswa “Do you think your friends will have fun? Why?” (Èske w panse zanmi w yo pral anmize yo? Sa k Fè w Panse sa a?)
	**Kont nan Jaden an** • Itilize ti jwèt zannimo miltikolò yo antanke yon demarè istwa. Demontre kòman pou li rakonte yon istwa selon pèspektiv youn nan zannimo yo. • Pa egzanp, pale tankou yon foumi: “M vle vole. M vle vole olye m ranpe. Mwen ta renmen vole epi m pou m poze sou yon manje piknik.” • Kounya, mande pitit ou a pou l eseye ekri yon istwa sou tablo a selon pèspektiv yon lòt zannimo.

Swiv Enstriksyon Vèbal

Nan nivo matènèl, timoun yo aprann swiv plizyè enstriksyon alafwa. Pitit ou a pase de estad kote y ap mande pou l efektye yon sèl tach (avanse chèz ou a) a estad kote li kapab swiv plizyè enstriksyon (ranmase jwèt yo, retounen nan plas ou, epi mete kreyon desen nou deyò).

Eseye avèk yon aktivite Nou Pare epi pase a yon Aktivite Nou Prè ak yon aktivite An n pati lè pitit ou a santi li gen konfyans nan tèt li (lòt paj la).



Paj Koneksyon Kaye Aktivite a 12

Ide rapid e fasil pou swiv enstriksyon vèbal:

- Bay pitit ou a mouvman senp pou l fè nan lòd (vire, bat men w, epi sote) pou li kapab devlope vokabilè li ak pou ankouraje li swiv enstriksyon vèbal.
- Bay pitit ou a twa tach senp pou li konplete (retire bagay pye w, tann manto ou, lave men w).
- Jwe yon Jwèt "Simon Says."

Nou Pare

Nou Prè

An n Pati

Zouti

An n Kòmanse



Chwazi M, Chwazi M!

- Bay pitit ou a yon enstriksyon vèbal ki gen de (2) etap pou li ranmase ti jwèt zannimo miltikolò yo: "Ranmase tout ti jwèt zannimo miltikolò wouj yo epi mete yo sou janm ou." Oswa, "Ranmase yon ti jwèt zannimo miltikolò wouj, apre yon ti jwèt zannimo miltikolò ble."
- Mande pitit ou a pou l repete enstriksyon an pou ou pandan w ap egzekite tach la.



Woule epi Sonje

- Repete enstriksyon ki endike annapre yo: Woule kib nimerik la. Ranmase kantite ti jwèt zannimo miltikolò yo.
- Kounya, mande pitit ou a pou li repete enstriksyon yo awotvwa epi pou li swiv yo.



Objè pou Ekri yo

- Mande pitit ou a pou l swiv enstriksyon sa yo sou tablo fet la:
  1. Ekri non w sou premye liy lan.
  2. Ekri laj ou anba non w la.
  3. Depoze fet ou a lè w fini.

Fòm

Lè timoun yo idantifye fòm, sa ede yo fè konparezon epi li ankouraje konpetans pou rezoud pwoblèm lakay yo. An reyalite, aprann rekonèt ak distenge fò esansyèl pou konprann prensip matematik ak syans kle yo. Aktivite sa yo ankouraje tou konvèsasyon ant timoun yom li ankouraje espri dekip, koperasyon, ansanm ak respè mityèl. Jwe avèk fòm yo ki nan kit sa ankouraje panse vizyèl, yon entèlijians ki vin sèvi pita nan domèn jeyometri, jeni, ak konsepsyon. Jwe epi prepare pou lavni!

Eseye avèk yon aktivite Nou Pare epi pase a yon Aktivite Nou Prè ak yon aktivite An n pati lè pitit ou a santi li gen konfyans nan tèt li (lòt paj la).



Paj Koneksyon Kaye Aktivite 13–15

Ide rapid e fasil pou devlope konpetans fòm:

- Jwe "I Spy" pandan m nan yon woulib machin. Idantifye pano oswa objè ki sou batiman yo ki gen fòm yon sèk, kare, rektang, triyang, dyaman, ak egzagòn.
- Twouve epi koupe manje an fòm (bonbon sèl an fòm kare, sèk, ak rektang, moso melon, ak plis toujou) kòm yon kolasyon.
- Lè w nan yon makèt, chèche objè 3-D yo tankou yon esfè, silend, kib, ak yon piramid.
- Repwodui fòm yo lakay ou pandan w ap konstwi fòm apati de plizyè materyèl diferan, tankou baton atizana, ajil, machmalo, sirèt gòm, ansanm ak kwi dan.

Nou Pare

Nou Prè

An n Pati

Zouti

An n Kòmanse



An n Idantifye Fòm!

- Louvri Kaye Aktivite a nan paj 13.
- Etale fòm yo sou yon tab.
- Entwodui fòm yo: mande pitit ou a pou l trase kontou chak fòm avèk yon dwèt pandan w ap pale de atribi yo (kote, koub, ang, ak plis toujou).
- Apresa, koresponn epi idantifye fòm nan paj Kaye Aktivite a, jan sa endike a.



Konstwi Ensèk

- Itilize fòm yo pou konplete kat aktivite yo 1–6.
- Kòmanse avèk kat 1 ak 2 a. Pwiske kat yo prezante yon nivo difikilte ki ogmante, evalye nivo enterè ak fristrasyon pitit ou a avan w pase nan kat 3 a.
- Ankouraje pitit ou a pou l kontinye konbine plizyè pyès diferan pou l kapab pwodui menm fòm nan tout kote.

Konsèy Pedagojik:

Pandan pitit ou a ap travay sou kat yo, souliyen pwen sa yo:

- Ou kapab pwodui 1 gwo fòm apati de 2–4 fòm ki pi piti (**fraksyon**)
- Similarite ak diferans ki genyen ant fòm yo, tankou wo, dwat, piti, ak gwo (**konpare/kontraste**)



Siksè

- Mande pitit ou a pou l pran abitid desine fòm sou tablo fet la.
- Apresa, bay pitit ou a enstriksyon pou l desine yon kay!
- Bay enstriksyon etap pa etap ki senp, tankou desine yon kare (baz kay), desine yon triyang anwo (do kay), fè fenèt an rektang, ak plis toujou.

Plis/Mwens ak Mezi Inisyal

Ki laj ou? Konbyen rezen ou vle pou goute? Timoun ki nan matènèl yo pwofesyonèl nan konte. Men, anplis de lanmou yo genyen pou konte, elèv ki nan matènèl yo dwe konnen kòman pou yo ***idantiye*** *nonb* ***0–20****. Ak kisa yon* ***9*** *sanble? Èske w kapab ekri nonb* ***9****? Kapab koresponn nonb ki ekri a ak nonb ki konte a se yon konpetans fondamantal pou nivo matènèl.*

Detèmine ki gwoup objè ki gen plis oswa mwens se yon konpetans matematik elemantè pou gwosè ak kantite. Premye konpetans mezi yo mande pou detèmine ki objè ki pi wo/pi kout oswa pi long/pi kout lè w wè yo, avan w aprann itilize yon inite mezi estanda.

Eseye avèk yon aktivite Nou Pare epi pase a yon Aktivite Nou Prè ak yon aktivite An n pati lè pitit ou a santi li gen konfyans nan tèt li (lòt paj la).

Paj Koneksyon Kaye Aktivite 16–17

Ide rapid e fasil pou devlope konpetans mezi plis/mwen ak elemantè:

- Aranje de (2) kantite ti jwèt zannimo miltikolò diferan atè a. Repete"more" (plis) epi mande pitit ou a pou li kouri oswa pwente sou pil ti jwèt zannimo miltikolò ki gen plis la.
- Desine de (2) liy ki gen longè diferan sou fèy pye. Mande, "Kilès ki pi long? Kilès ki pi kout?" Kounya, desine plizyè liy vètikal epi mande, "Kilès ki pi wo?"

Nou Pare

Nou Prè

An n Pati

Zouti

An n Kòmanse



Pil Fèy

- Louvri Kaye Aktivite a nan paj 4.
- Mande pitit ou a pou l woule kib la pou l kapab di w konbyen ti jwèt zannimo miltikolò li dwe mete sou chak fèy ki nan paj la.
- Itilize Pens An Fòm Kayiman yo pou deplase zannimo yo met sou fèy yo.
- Kontinye pou jiskaske tout zannimo yo rive jwenn yon kay an fèy.
- Touche epi konte tout zannimo ki sou chak fèy. Fèy ki gen plis zannimo sou li a genyen!



Anpile Zannimo

- Mande pitit ou a pou li woule kib la, epi pou l plase kantite ti jwèt zannimo miltikolò sa nan yon pil alèd de Pens An Fòm Kayiman yo.
- Apresa, w ap woule kib la pou w konte ak anpile yon lòt ansanm zannimo apa.
- Si ou menm oswa pitit ou woule yon *wild (sovaj)*, pran yon zannimo nan men lòt moun nan.
- Refè menm bagay la pou jiskaske tout zannimo yo rive jwenn yon pil.
- Touche epi konte zannimo yo ki nan chak pil pou wè kilès ladan yo ki gen plis.
- Jwe ankò pou wè kiyès k ap genyen paske li gen mwens!

Konsèy pou Pwofesè: Lè yo pwente sou chak zannimo pandan y ap konte, timoun yo demontre yon korespondans youn pa youn.



An N Mezire

- Aliyen ti jwèt zannimo miltikolò cheni ak ti jwèt zannimo miltikolò myèl yo.
- Mande pitit ou a, “Kilès ki pi long? Kilès ki pi wo?” Kounya, konpare demwazyèl la ak arenye a pou wè kilès ki pinwo, ak kilès ki pi kout.
- Konpare lòt objè yo nan kay la, tankou liv, bagay pye, elatriye.

Adisyon (Nonb *0–10*)

Elèv ki nan matènèl yo aprann konpetans matematik debaz (adisyon ak soustraksyon) ke yo pral itilize plizyè fwa pandan peryòd vi yo. Fè dis se yon gwo zafè nan nivo matènèl. Konprann ki nonb ki adisyone ansanm pou bay dis ede timoun yo konprann baz sistèm matematik nou an. Pa egzanp, konprann valè dis obligatwa pou konte by 10èn, konte lajan, apran valè pozisyon, ak pou rezoud pwoblèm matematik ki enplike nonb ki depase 10. Aprann nonb doub yo (2 + 2, 5 + 5, etc.) se yon konpetans elemantè pou miltiplikasyon nan ane k ap vini yo.

Eseye avèk yon aktivite Nou Pare epi pase a yon Aktivite Nou Prè ak yon aktivite An n pati lè pitit ou a santi li gen konfyans nan tèt li (lòt paj la).



Paj Koneksyon Kaye Aktivite
18–20

Ide rapid e fasil pou devlope konpetans adisyon:

- Bay pitit ou a monnen pyès pou li ajoute pou yon eksperyans reyèl.
- Woule de a epi ajoute total yo ant nonb ki woule yo.

Nou Pare

Nou Prè

An n Pati

Zouti

An n Kòmanse



Gran Fèt Ensèk yo

- Se lè pou n fete avèk ti jwèt zannimo miltikolò yo. Plase twa ti jwèt zannimo miltikolò devan pitit ou a.
- Mande pitit ou a pou l konte kantite ti jwèt zannimo miltikolò a (3).
- Mande kat ti jwèt zannimo miltikolò anplis pou vole pou rejwenn fèt la.
- Mande pitit ou a pou l konte konbyen zannimo ki genyen an total nan fèt la (7). Repete, “Twa zannimo te la, plis 4 lòt te vin rejwenn yo. Twa zannimo plis 4 zannimo sa bay 7 zannimo.”
- Kreye pwoblèm ki pi amizan oswa ankouraje pitit ou a pou l kreye istwa adisyon pou nonb 0–10 alèd de ti jwèt zannimo miltikolò yo.



Mwen Wè Doub

- Plase de (2) ti jwèt zannimo miltikolò devan pitit ou a.
- Mande pitit ou a pou li plase menm kantite (2) a bò kote de (2) ti jwèt zannimo miltikolò pou double kantite zannimo yo.
- Konte kantite total ti jwèt zannimo miltikolò yo (4). Repete fraz matematik la (2 + 2 = 4).
- Repete aktivite sa pandan w ap itilize nonb doub 3, 4, ak 5 ti jwèt zannimo miltikolò. Sonje repete fraz matematik la pou chak gwoup doub pitit ou a fè



Ekilibre Ensèk yo

- Woule kib nimerik la de (2) fwa.
- Mande pitit ou a pou l plase yon gwoup ti jwèt zannimo miltikolò sou paj la pou li reprezante premye nimewo ki woule a, ansanm ak yon lòt gwoup pou reprezante dezyèm nimewo ki woule a.
- Mande pitit ou a pou l ekri fraz matematik sa anba paj la epi pou li repete li awotvwa pou li reprezante nonb ki woule yo (pa egzanp, 2 + 3 = 5).
- Chanje gwoup, epi ekri epi repete nouvo fraz matematik la (3 + 2 = 5).
- Eseye aktivite sa ankò. Fwa sa a, retire zannimo yo nan gwoup la pou ekri fraz soustraksyon yo pou nonb 0–10.

Soustraksyon (Nonb *0–10*)

Aktivite sa yo pral ede timoun yo idantifye premye nonb yo ansanm ak valè yo, epi pou yo fè operasyon soustraksyon senp. Kapab kalkile byen rapid oswa resite verite soustraksyon debaz se yon konpetans deabz pou operasyon divizyon alavni.

Eseye avèk yon aktivite Nou Pare epi pase a yon Aktivite Nou Prè ak yon aktivite An n pati lè pitit ou a santi li gen konfyans nan tèt li (lòt paj la).

3-1 4-2

Paj Koneksyon Kaye Aktivite 19–20

Ide rapid e fasil pou devlope konpetans soustraksyon:

- Alèd de goblè an papye ak yon boul tenis, jwe bowling. Mande pitit ou a pou li ede w jwenn kantite "eping" ki ranvèse yo, pa rapò ak kantite ki kanpe yo.
- Rankonte pwoblèm nonb ki gen plizyè solisyon, tankou: "Wuit ensèk te ale nan sinema. Gen kèk ki chita sou balkon an epi gen kèk ki chita nan etaj prensipal la. Konbyen ensèk ki sou balkon an? Konbyen ki nan etaj prensipal la? Montre kantite opsyon diferan ki posib, alèd de ti jwèt zannimo miltikolò yo." Kontinye rakonte lòt pwoblèm nonb apati de nonb *0–10*.

Nou Pare

Nou Prè

An n Pati

Zouti

An n Kòmanse



Vole Ale

- Plase sèt (7) ti jwèt zannimo miltikolò nan yon ranje devan pitit ou a. Mande pitit ou a pou li touche epi chak grenn.
- Rele yon kantite zannimo pou di yo "vole" ale (3 zannimo). Retire twa ti jwèt zannimo miltikolò zannimo.
- Konte konbyen zannimo ki toujou rete (4).
- Repete fraz matematik la awotvwa (7 zannimo – 3 zannimo = 4 zannimo).
- Repete, alèd de plizyè pwoblèm pou plizyè nonb *0–10*.



Kad Imaj

- Louvri Kaye Aktivite a nan paj 20.
- Plase 10 ti jwèt zannimo miltikolò nan kad 10 la, kote w ap ranpli li de goch a dwat nan ranje ki anwo a, epi pou rive nan ranje ki anba a. Mande, "Konbyen ti jwèt zannimo miltikolò kad sa kapab pran?" (10)
- Mande pitit ou a pou li retire sis ti jwèt zannimo miltikolò zannimo. Mande, "Konbyen yo te retire?" (6)
- Mande, "Konbyen ki rete?" (4) Mande pitit ou a pou li konte pou li kapab verifye.
- Repete fraz matematik la awotvwa: 10 – 6 = 4.
- Refè menm bagay la plizyè fwa, kote w ap ranpli kad la jiska dis epi w ap retire ti jwèt zannimo miltikolò yo pou w kapab kreye plizyè verite soustraksyon apati de dis.



Kreye Pwoblèm

- Kite pitit ou a jwe avèk ti jwèt zannimo miltikolò zannimo yo pou yo kapab kreye pwòp pwoblèm soustraksyon yo pou nonb *0–10*. (Pa egzanp, 9 mwens 4, 8 mwens 5, elatriye.)
- Apre chak pwoblèm soustraksyon, ede pitit ou a ekri fraz soustraksyon an sou tablo fet la (9 – 4 = 5; 8 – 5 = 3, elatriy.).

Nonb Siperyè ak Konte pa De (2)

Matènèl se moman ideyal pou timoun aprann konte. Timoun yo renmen fè w konnen ke yo kapab konte rive sou 100 (oswa plis toujou)! Lè timoun yo konte pa 5 ak pa 10, sa ede konn lè epi sa ede yo vin konte monnen pyès. Swiv aktivite sa yo pou konte pi rapid pa 5 ak pa 10.

Eseye avèk yon aktivite Nou Pare epi pase a yon Aktivite Nou Prè ak yon aktivite An n pati lè pitit ou a santi li gen konfyans nan tèt li (lòt paj la).

10, 20, 30...



Conexión con el Libro de actividades: pág. 21–22

Ide rapid e senp pou devlope konpetans ki enplike nonb siperyè:

- Konte pa 10 olye de pa 1 lè w ap jwe "Kache ak chèche."
- Resite pandan w ap konte pa 2 pandan w ap kondi oswa w ap mache pou ede pitit ou a kenbe sekans lan nan lespri li.
- Fè jwèt defi limyè wouj oswa pano estòp. Lè w rive nan limyè wouj oswa yon pano estòp:
  - Konte pa 10.
  - Kòmanse konte apati de yon nonb owaza (35, 36, 37)
  - Konte pa 5.
  - Konte a rebou soti 10 oswa 20.
  - Konte rive jiska 100.

Nou Pare

Nou Prè

An n Pati

Zouti

An n Kòmanse



Mwen Kapab Konte!

- Ale nan paj 21 lan nan Kaye Aktivite.
- Itilize tapi 100 ki nan paj la pou ede pitit ou a rekonèt ak konte nan limit nonb *1–30*.
- Repete yon nonb. Mande pitit ou a pou li itilize Pens An Fòm Kayiman an pou li plase yon zannimo sou nonb ou te repete a.
- Kòmanse avèk nonb *1–20*. Pase a nonb *21–30* lè pitit ou a pare.
- Kòm varyasyon, mande pitit ou a pou li plase yon zannimo sou yon nonb ki enferyè oswa siperyè ak nonb ou te site a (jiska 30).



Konte pa Entèval!

- Louvri Kaye Aktivite a nan paj 21. Pran abitid konte pa 10 sou tablo 100 an.
- Mande pitit ou a pou li ansèkle tout nonb ki ki fini pa *0*.
- Pwente sou chak nonb ki ansèkle. Repete nonb lan pou kòmanse lantman pa 10.
- Chak fwa ou repete yon nimewo, konte yon tijan pi rapid, pou jiskaske pitit ou a kapab konte pa 10 ase rapidman pa kè.
- Eseye menm aktivite a yon lòt semèn pou konte pa entèval pa 5.



2, 4, 6, 8—Konte Vrèman Amizan!

- Louvri Kaye Aktivite a nan paj 21. Fwa sa a, etidye nonb pè ak nonb enpè yo ki sou tapi a.
- Mande pitit ou a pou li ansèkle nonb *1, 3, 5, 7,* ak *9*, epi pou li mete yon x atravè *2, 4, 6, 8,* ak *10*.
- Nan yon lòt jou, mande pitit ou a pou ansèkle tout nonb pè yo jiska 20, apresa jiska 30.

Ekri Lèt







Learning Resources®